



# Benefis envalidite

## Ki sa ki andedan

Benefis envalidite	1
Kiyès ki ka resevwa benefis envalidite nan Sekirite Sosyal?	2
Ki jan pou m aplike pou benefis envalidite?	3
Ki lè m ta dwe aplike epi ki kalite enfòmasyon mwen bezwen?	3
Kiyès ki deside si mwen envalid?	4
Fason nou pran desizyon an	4
Ki sa ki rive lè yo apwouve reklamasyon mwen an?	6
Èske fanmi m ka resevwa benefis?	6
Ki fason lòt pèman yo afekte benefis mwen yo?	6
Ki sa pou m di Sekirite Sosyal?	6
Ki lè m ka resevwa Medicare?	7
Ki sa m bezwen konnen konsènan travay?	7
Pwogram <i>Ticket to Work</i> la	7
Pou kontakte Sekirite Sosyal	8

## Benefis envalidite

Envalidite se yon bagay pifò moun pa renmen reflechi sou sa. Men chans pou ta vin envalid la pi gwo pase sa w reyalize. Gen kèk etid ki montre yon travayè ki gen 20 an gen 1 chans sou 4 pou l vin envalid anvan li rive nan laj pou l pran retrèt konplè.

Tiliv sa a bay kèk enfòmasyon debaz sou benefis envalidite Sekirite Sosyal epi li pa la pou l reponn tout kesyon ou ka genyen. Pou jwenn enfòmasyon espesifik sou sitiyasyon pa w, ou ta dwe pale avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal.

Nou peye benefis envalidite atravè de (2) pwogram: pwogram asirans envalidite Sekirite Sosyal (SSDI) ak pwogram revni sekirite siplemantè (SSI). Tilib sa a pral pale konsènan pwogram envalidite Sekirite Sosyal la. Pou enfòmasyon konsènan pwogram envalidite SSI la pou adilt, gade *Revni Sekirite Siplemantè (SSI)* (Piblikasyon No. 05-11000-HC). Pou enfòmasyon konsènan pwogram envalidite pou timoun, gade nan *Benefis pou timoun ki andikape* (Piblikasyon No. 05-10026-HC). Piblikasyon nou yo disponib sou entènèt nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov).

## Kiyès ki ka resevwa benefis envalidite nan Sekirite Sosyal?

Sekirite Sosyal peye benefis pou moun ki paka travay paske yo gen yon pwoblèm medikal yo prevwa k ap dire omwen ennан oswa ki ka lakoz moun nan mouri. Lalwa federal egzije definisyon estrik sa a sou envalidite. Alòske kèk pwogram bay moun ki gen envalidite pasyèl oswa envalidite akoutèm lajan, Sekirite Sosyal pa fè sa.

Kèk manm fanmi travayè ki envalid ka resevwa lajan tou nan men Sekirite Sosyal. Yo eksplike sa nan paj 6.

## Ki jan pou m fè satisfè kondisyon pou salè pou m ka resevwa benefis envalidite?

An jeneral, pou resevwa benefis envalidite, ou dwe satisfè kondisyon de tès pou salè:

1. Yon tès travay resan, ki baze sou laj ou nan lè ou te vin envalid la; epi
2. Yon tès sou dire travay pou montre ou te travay ase lontan daprè Sekirite Sosyal.

Kèk travayè ki avèg dwe sèlman satisfè kondisyon pou tès sou dire travay la.

Tablo ki anba a montre règ pou konbyen tan ou bezwen travay pou tès travay resan an, daprè laj ou lè envalidite w la te kòmanse. Nou baze règ yo ki nan tablo sa a sou *trimès kalandriye* kote w te vin genyen oswa ou pral genyen yon sèten laj.

Trimès kalandriye yo se

**Premye trimès:** 1ye janvye jiska 31 mas

**Dezyèm trimès:** 1ye avril jiska 30 jen

**Twazyèm trimès:** 1ye jiyè jiska 30 septanm

**Katriyèm trimès:** 1ye oktòb jiska 31 desanm

<i>Si w vin envalid...</i>	<i>Kidonk, jeneralman w ap bezwen:</i>
Nan oswa anvan trimès ou vin gen 24 an	1.5 ane travay pandan peryòd twazan ki fini avèk trimès envalidite w la te kòmanse a.
Nan trimès aprè w fin gen 24 an men anvan trimès ou vin gen 31 an	Travay pandan mwatye tan pou peryòd ki kòmanse nan trimès ou vin gen 21 an epi ki fini nan trimès ou vin envalid la. Egzanp: Si w vin envalid nan trimès ou gen 27 an, kidonk ou ta bezwen twazan travay nan peryòd sizan ki fini nan trimès ou te vin envalid la.
Nan trimès ou vin gen 31 an oswa pita	Travay pandan senkan nan peryòd dizan ki fini nan trimès envalidite w la te kòmanse.

Tablo ki anba a montre kèk egzanp sou ki valè travay ou bezwen pou satisfè kondisyon tès pou dire travay la si w vin envalid nan diferan kalite laj yo chwazi. Pou tès dire travay la, travay ou pa bezwen tonbe nan yon peryòd tan presi.

**NOTE:** Tablo sa a pa kouvri tout kalite sitiayasyon.

<b>Si w vin envalid...</b>	<b>Kidonk, jeneralman w ap bezwen:</b>
Anvan w gen 28 an	1.5 ane travay
30 an	2 an
34 an	3 an
38 an	4 an
42 an	5 an
44 an	5.5 an
46 an	6 an
48 an	6.5 an
50 an	7 an
52 an	7.5 an
54 an	8 an
56 an	8.5 an
58 an	9 an
60 an	9.5 an

## Ki jan pou m aplike pou benefis envalidite?

Genyen de fason ou ka aplike pou benefis envalidite. Ou kapab

1. Aplike sou Entènèt nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov); oswa
2. Rele nimewo gratis nou an, **1-800-772-1213**, pou mete yon randevou pou ranpli yon reklamasyon pou envalidite nan biwo lokal Sekirite Sosyal ou a oswa pou mete yon randevou pou yon moun pran enfòmasyon pou reklamasyon an pa telefòn. Entèvyou pou reklamasyon pou envalidite a dire apeprè inèdtan. Si w soud oswa ou tande di, ou ka rele nimewo gratis TTY nou an, **1-800-325-0778**, ant 7 a.m. a 7 p.m. nan jou ouvrab yo. Si w mete yon randevou,

nou pral voye yon twous demaraj pou envalidite ba w pou ka prepare w pou entèvyou reklamasyon pou envalidite w la. W ap jwenn twous demaraj pou envalidite a tou sou Entènèt lè w ale nan [www.socialsecurity.gov/disability](http://www.socialsecurity.gov/disability).

Ou gen dwa pou yon avoka reprezante w oswa lòt moun ou chwazi ki kalifye lè w gen afè ak Sekirite Sosyal. W ap jwenn plis enfòmasyon nan *Dwa ou Genyen pou Reprezantasyon* (Piblikasyon No. 05-10075-HC), ki disponib tou nan Sekirite Sosyal.

## Ki lè m ta dwe aplike epi ki kalite enfòmasyon mwen bezwen?

Ou ta dwe aplike pou benefis envalidite dèke w vin envalid. **Pou n travay sou yon aplikasyon pou benefis envalidite sa ka pran ant twa a senk mwa.** Pou aplike pou benfis envalidite, ou pral bezwen ranpli yon aplikasyon pou benefis Sekirite Sosyal. Ou ka aplike sou Entènèt nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nou ka travay sou aplikasyon w lan pi rapid si w ede n jwenn nenpòt lòt enfòmasyon nou bezwen.

Enfòmasyon nou bezwen an gen ladan l:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou;
- Batistè w oswa sètifikasi batèm ou;
- Non, adrès ak nimewo telefòn doktè yo, responsab ka yo, lopital yo ak klinik yo ki te pran swen w, ansanm ak dat vizit ou yo;
- Non ak dòz tout medikaman w ap pran;
- Dosye medikal ki sot nan men doktè w, terapis, lopital, klinik ak responsab ka ou deja gen nan men w;
- Rezulta tès laboratwa;
- Yon rezime sou kote ou te travay ak ki kalite travay ou te fè; epi
- Yon kopi fòm W-2 ki pi resan (Deklarasyon salè ak taks) oswa, si w ap travay ak tèt ou, fòm taks federal ou te ranpli pou ane ki sot pase a.

Anplis de aplikasyon debaz pou benefis envalidite yo, ou pral bezwen ranpli kèk lòt fòm tou. Youn nan fòm yo kolekte enfòmasyon konsènan pwoblèm medikal ou a epi fason pwoblèm nan afekte kapasite w pou travay. Gen kèk lòt fòm ki bay doktè, lopital ak lòt pwofesyonèl swen medikal ki te ba w tretman, pèmisyon pou yo voye ban nou enfòmasyon sou pwoblèm medikal ou a.

Pa pèdi tan pou aplike pou benefis yo si w paka jwenn tout enfòmasyon sa yo ansanm rapidman. Nou pral ede w jwenn yo.

## Kiyès ki deside si mwen envalid?

Nou pral egzamine aplikasyon w lan pou nou asire ou satisfè kèk kondisyon debaz pou benefis envalidite. Nou pral tyeke pou n wè si w te travay ase ane pou kalifye. Epitou nou pral evalye nenpòt aktivite travay w ap fè kounye a. Si w satisfè kondisyon sa yo, nou pral travay sou aplikasyon w lan epi voye ka w la nan biwo Sèvis Detèminasyon Envalidite ki nan eta kote w ap viv la.

Ajans leta sa a konplete desizyon inisyal sou detèminasyon envalidite a pou nou. Doktè yo ak espesyalis nan ajans eta a mande doktè w yo pou enfòmasyon konsènan pwoblèm ou genyen an. Yo pral konsidere tout detay nan ka w la. Yo pral itilize prèv medikal ki sot nan men doktè w, lopital, klinik oswa enstitisyon kote w te resevwa tretman ansanm ak tout lòt enfòmasyon. Yo pral mande doktè w yo enfòmasyon konsènan

- Pwoblèm medikal ou (yo);
- Ki lè pwoblèm medikal ou (yo) te kòmanse;
- Fason pwoblèm medikal ou (yo) limite aktivite w yo;
- Rezulta tès medikal yo; ak
- Ki tretman ou te resevwa.

Yo pral mande doktè yo tou pou kèk enfòmasyon konsènan kapasite w pou fè kèk aktivite ki gen rapò ak travay ou, tankou mache, chita, leve

chay, pote chay, epi kapasite w pou sonje kèk enstriksyon, Se pa doktè w yo ki deside si w envalid.

Pèsonèl ajans leta a ka bezwen plis enfòmasyon medikal anvan yo ka deside si w envalid. Si sous medikal ou yo paka bay enfòmasyon yo bezwen, ajans leta a ka mande w pou ale fè yon egzamen espesyal. Nou prefere mande pwòp doktè pa w, men pafwa li ka nesesè pou se yon lòt moun ki fè egzamen an. Sekirite Sosyal pral peye pou egzamen an ansanm ak kèk nan depans ki gen rapò ak transpò pou al fè egzamen an.

## Fason nou pran desizyon an

Nou sèvi ak yon pwosesis ki gen senk etap pou n deside si w envalid.

### 1. Èske w ap travay?

Si w ap travay epi mwayèn salè w plis pase yon sèten montan chak mwa, jeneralman nou pap konsidere w kòm yon moun ki envalid. Montan an chanje chak ane. Pou chif aktyèl la, gade mizajou anyèl la *Update* (Piblikasyon No. 05-10003-HC).

Si w pap travay, oswa mwayèn salè w pa mwa rive nan montan yo fikse a oswa li mwens pase sa, lè sa a ajans leta a pral egzamine pwoblèm medikal ou.

### 2. Èske pwoblèm medikal ou a “grav”?

Pou yo konsidere w kòm yon moun ki gen envalidite daprè definisyon Sekirite Sosyal, pwoblèm medikal ou a dwe limite anpil kapasite w pou fè aktivite debaz travay ou — tankou leve chay, kanpe, chita epi sonje bagay—pandan omwen 12 mwa. Si pwoblèm medikal ou a pa grav nou pa pral konsidere w kòm yon moun ki envalid. Si w pwoblèm ou an grav, ajans leta a pral konsidere twazyèm etap la.

### **3. Èske envalidite w la sou lis la oswa li medikalman egal ak yon envalidite ki sou lis la?**

Lis envalidite nou an (lis la) dekri pwoblèm medikal nou konsidere ki ase grav pou l'anpeche yon moun fè aktivite ki rapòte l'bon jan kòb, kèlkeswa laj li, edikasyon l'oswa eksperyans travay li genyen. Si pwoblèm medikal ou a (oswa konbinezon pwoblèm medikal) pa sou lis sa a, ajans leta a gade pou l'wè si pwoblèm lan grav menm jan ak pwoblèm ki sou lis la. Si gravite pwoblèm medikal ou a satisfè oswa li egal ak gravite yon envalidite ki sou lis la, ajans leta a pral deside si w gen yon envalidite ki kalifye. Si gravite pwoblèm ou an pa satisfè oswa li pa egal ak gravite yon envalidite ki sou lis la, ajans leta a pral konsidere katryèm etap la.

### **4. Èske w ka fè travay ou te konn fè anvan an?**

Nan etap sa a, nou deside si pwoblèm medikal ou genyen an (yo) anpeche w fè nenpòt nan travay ou te konn fè yo. Si pwoblèm nan pa anpeche w, nou pral deside ou pa gen yon envalidite ki kalifye. Si pwoblèm nan anpeche w, nou pral konsidere senkyèm etap la.

### **5. Èske w ka fè nenpòt lòt kalite travay?**

Si w paka fè travay ou te konn fè nan lepase, nou gade pou n'wè si gen lòt kalite travay ou ka fè malgre pwoblèm ou an (yo). Nou konsidere laj ou, edikasyon w, eksperyans travay ou genyen, ak nenpòt konpetans ou genyen ou ta ka itilize pou fè lòt travay. Si w paka fè lòt kalite travay, nou pral deside ou envalid. Si w ka fè lòt kalite travay, nou pral deside ou pa gen yon envalidite ki kalifye.

### **Règ espesyal pou moun ki avèg**

Genyen règ espesyal pou moun ki avèg. Pou plis enfòmasyon, mande pou *If You Are Blind Or Have Low Vision—How We Can Help* (Piblikasyon No. 05-10052).

### **Nou pral fè w konnen desizyon nou**

Lè ajans leta a pran yon desizyon sou ka w la, nou pral voye yon lèt ba w. Si yo apwouve aplikasyon w lan, lèt la pral montre montan benefis ou a, epi ki lè pèman w yo ap kòmanse. Si yo pa apwouve aplikasyon w lan, lèt la pral eksplike poukisa epi yo pral fè w konnen ki jan pou fè apèl a desizyon an si w pa dakò avèk li.

### **E si m pa dakò?**

Si w pa dakò ak desizyon yo pran sou reklamasyon w lan, ou ka fè yon apèl. Yo eksplike etap ou ka pran yo nan *The Appeals Process* (Piblikasyon No. 05-10041-HC), ki disponib nan Sekirite Sosyal.

### **Fason nou pral kontakte w**

Jeneralman, nou konn voye lèt oswa nou konn rele w lè nou bezwen kontakte w konsènan benefis ou yo, men pafwa, yon reprezantan Sekirite Sosyal ka vin lakay ou. Reprezantan nou an pral montre w idantifikasyon l'anvan l'pale avè w konsènan benefis ou yo. Se yon bon lide pou rele biwo Sekirite Sosyal la pou mande si yo te voye yon moun vin wè w.

**Si w avèg oswa vizyon w fèb**, ou ka chwazi pou resevwa notis nan men nou nan youn nan fason sa yo:

- Notis ki ekri ak lèt nòmal pa lapòs;
- Notis ki ekri ak lèt nòmal pa lapòs ak sèvis sètifye;
- Notis ki ekri ak lèt nòmal pa lapòs ak yon apèl telefonik pou fè suivi;
- Notis an bray ak yon notis ki ekri ak lèt nòmal pa lapòs;
- Fichye Microsoft Word sou yon disk (CD) ak yon notis ki ekri ak lèt nòmal pa lapòs;
- Disk (CD) odyo ak yon notis ki ekri ak lèt nòmal pa lapòs; oswa
- Notis ki ekri ak gwo lèt (gwosè 18 pwen) ak yon notis ki ekri ak lèt nòmal pa lapòs.

Pou plis enfòmasyon, vizite sit Entènèt nou an nan [www.socialsecurity.gov/notices](http://www.socialsecurity.gov/notices) oswa rele nou gratis nan **1-800-772-1213**. Si w soud oswa ou tandem di, ou ka rele nimewo TTY nou an nan **1-800-325-0778**.

## Ki sa ki rive lè yo apwouve reklamasyon mwen an?

Nou pral voye yon lèt pou n fè w konnen nou apwouve aplikasyon w lan, montan benefis mansyèl w ap resevwa ak dat w ap kòmanse resevwa I. Benefis envalidite mansyèl ou a baze sou mwayèn salè ou touche pandan tout lavi w. Yo pral peye w premye benefis envalidite Sekirite Sosyal ou a pou sisyèm mwa konplè aprè dat envalidite w la te kòmanse a.

Men yon egzanp: Si ajans leta a deside envalidite w la te kòmanse le 15 janvye, yo pral peye w premye benefis envalidite w la pou mwa jiyè. Yo peye benefis Sekirite Sosyal yo nan mwa ki vini aprè mwa yo ou dwe resevwa benefis la, kidonk ou pral resevwa benefis pou mwa jiyè a nan mwad out.

Ou pral resevwa tou *What You Need To Know When You Get Disability Benefits* (Piblikasyon No. 05-10153), ki ba w kèk enfòmasyon enpòtan konsènan benefis ou yo epi ki fè w konnen ki kalite chanjman ou dwe rapòte ban nou.

## Èske fanmi m ka resevwa benefis?

Kèk manm fanmi w ka kalifye pou benefis ki baze sou travay ou. Yo gen ladan yo:

- Konjwen w, si li gen 62 an oswa plis;
- Konjwen w ki gen nenpòt laj, si l ap pran swen yon pitit ou ki poké gen 16 an oswa ki andikape;
- Pitit ou ki poké marye, ikonpri yon pitit ou adopte, oswa, nan kèk ka, yon bofis/bèlfri oswa yon pitit pitit. Timoun nan dwe poké gen 18 an (oswa pi jèn pase 19 an si l toujou nan lekòl segondè);

- Pitit ou ki poké marye, ki gen 18 oswa plis, si li gen yon envalidite ki te kòmanse anvan l te gen 22 an. Envalidite timoun nan dwe satisfè definisyon envalidite pou adilt.

**NOTE:** Nan kèk sitiayson, yon konjwen ki divòse ka kalifye pou benefis ki baze sou salè w, si li te marye avèk ou pandan omwen 10 an, li pa marye kounye a, epi li gen omwen 62 an. Lajan yo peye yon konjwen ki divòse pa redui benefis ou yo ni li pa redui benefis konjwen w gen kounye a oswa pitit ou yo ap resevwa.

## Ki fason lòt pèman yo afekte benefis mwen yo?

Si w ap resevwa lòt benefis gouvènman an (ikonpri benefis ki sot nan yon peyi etranje), sa ka afekte montan benefis envalidite Sosyal Sekirite w yo. Pou plis enfòmasyon, ou ta dwe wè enfòmasyon ki pral site anba a:

- *How Workers' Compensation And Other Disability Payments May Affect Your Benefits* (Piblikasyon No. 05-10018);
- *Windfall Elimination Provision* (Piblikasyon No. 05-10045); epi
- *Government Pension Offset* (Piblikasyon No. 05-10007).

Ou ka jwenn piblikasyon sa yo sou sit Entènèt nou an, oswa ou ka kontakte nou pou mande yo.

## Ki sa pou m di Sekirite Sosyal?

### Si gen yon manda pou arrestasyon w ki poké egzekite

Ou dwe fè nou konnen si gen yon manda pou arrestasyon w ki poké egzekite pou nenpòt nan krim sa yo:

- Ou sove pou yo pa mennen w lajistis oswa mete w nan prizon;
- Ou sove pandan w te sou gad; ak
- Ou sove.

Ou paka resevwa benefis nòmal, oswa ankenn pèman ki ensifizan, pou nenpòt mwa kote gen yon manda pou arestasyon w ki poko egzekite pou nenpòt nan krim ki site anwo a.

### **Si yo kondane w pou yon krim**

Fè Sekirite Sosyal konnen toutsuit si yo kondane w pou yon krim. Benefis envalidite nòmal, oswa nenpòt pèman ki ensifizan yo ta dwe w, yo pap peye pou mwa yon moun anprizone poutèt li kondane pou yon krim, men nenpòt manm fanmi ki elijib pou benefis daprè travay moun sa a ka kontinye resevwa benefis yo.

Nòmalman yo pa peye benefis mansyèl yo, oswa nenpòt pèman ki ensifizan yo dwe yon moun ki komèt yon krim epi ki anprizone nan yon enstitisyon daprè yon lòd tribinal epi se piblik la k ap peye pou detansyon an. Sa aplikab si yo te jwenn moun nan

- Pa koupab paske moun nan fou oswa lòt faktè similè (tankou maladi mantal, defisyans mantal oswa enkonpetans mantal); oswa
- Pa konpetan pou l patisipe nan pwosè a.

### **Si w vyole yon kondisyon libète kondisyonèl oswa pwobasyon**

Ou dwe fè nou konnen si w ap vyole yon kondisyon pwobasyon w oswa libète kondisyonèl ou yo enpoze w daprè lwa federal oswa lwa leta. Ou paka resevwa benefis envalidite nòmal oswa nenpòt montan ki ensifizan yo dwe w pou nenpòt mwa ou vyole yon kondisyon pwobasyon w oswa libète kondisyonèl ou.

### **Ki lè m ka resevwa Medicare?**

Ou pral resevwa kouvèti Medicare otomatikman aprè w fin resevwa benefis envalidite w la pandan dezan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Medicare la, nan *Medicare* (Piblikasyon No. 05-10043-HC).

### **Ki sa m bezwen konnen konsènan travay?**

Aprè w fin kòmanse resevwa benefis envalidite Sekirite Sosyal, ou ka vle eseye al travay ankò. Sekirite Sosyal genyen kèk règ espesyal ki rele motivasyon travay ki pèmèt ou teste kapasite w pou travay epi w toujou kontinye resevwa benefis envalidite mansyèl nan men Sekirite Sosyal. Ou ka jwenn èd tou avèk edikasyon, reyadaptasyon, ak fòmasyon ou ka bezwen pou travay.

Si w aksepte yon travay oswa ou vin travay ak tèt ou, se pou fè nou konn sa toutsuit. Nou bezwen konnen ki lè w kòmanse oswa ki lè ou sispann travay epi si gen ankenn chanjman nan responsablité travay ou, kantite èdtan ou travay, oswa valè kòb w ap touche. Ou ka rele nou gratis nan **1-800-772-1213**. Si w soud oswa ou tande di, ou ka rele nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**.

Pou plis enfòmasyon sou fason nou ka ede w retounen travay, mande pou *Working While Disabled—How We Can Help* (Piblikasyon No. 05-10095-HC). Ou ka jwenn yon gid pou tout sipò nou bay pou travay nan Red Book nou an, *A Summary Guide to Employment Support for Individuals with Disabilities Under the Social Security Disability Insurance and Supplemental Security Income Programs* (Piblikasyon No. 64-030). Epitou vizit sit Entènèt nou an, [www.socialsecurity.gov/work](http://www.socialsecurity.gov/work).

### **Pwogram *Ticket to Work* la**

Nan pwogram sa a, benefisyè envalidite Sekirite Sosyal ak revni sekirite siplemantè yo ka jwenn èd ak fòmasyon ak lòt sèvis yo bezwen pou yo al travay **san yo pa peye senk kòb**. Pifò benefisyè envalidite yo elijib pou yo patisipe nan pwogram *Ticket to Work* la epi yo ka chwazi yon founisè ki apwouve ki ka ofri kalite sèvis yo bezwen an. Pou aprann plis konsènan pwogram sa a, mande pou *Your Ticket To Work* (Piblikasyon No. 05-10061).

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

### Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandé.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10029-HC | January 2017  
Benefits envalidite  
Disability Benefits (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense  
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a